**Ассаламу гIалайкум!**

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2024 соналъул 23 август Рузман №38 (7852) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**Августалъулал лъугьа-бахьиназ - 25 сон**

## РикIкIадаб августалъул къоял ракIалде щвезаруна

Сон, 22 августалда, Агъвали ракIалде щвезаруна рикIкIадаб августалъул кьогIал кьоял, ва




кIодо гьабуна гьел кьояз ккарал лъугьа-бахьиназ 25 сон тIубай. 1999 соналъул июлалда Чачаназул ракьалда бугеб чIамалазул Кванхи росдал авлахъалда ракIаризе байбихьана Шамил Басаевасул ва Хаттабил



нухмалъиялда гьоркь законият гурел яргъид гIуцIарал къокъаби. Гьезул мурад букIана Гьигьалъан Агъвалиреги рачIун, район жиндедаго хадуб сверизабизе. Гьигьалъан бехе районалъул централде нух кьезе гьечIин абун чанго нухалъ гьигъалъдерил жамагIаталъ лъазабуниги, хъачагъаз 2 августалда сапар бухьана Гьигьалъе рачIине. Дагъистаналъул ОМОНалъ, гьигъалъдерил бодулалгун(ополченцалгун) цадахъ лъабго сагIаталъ рагъги бан, гьигъалъдерил магIардаса тушман нахъе сверизавуна. Амма ккана камиял..., гьеб рагъ ккана милициялъул капитан Закир СултIановасе ахирисеблъун.

Гьеб кьоялъ байбихьана Дагъистаналъул халкъалъ Россиялъул цолъи цIуниялъе гIоло ярагъ борчине.

Гьеб къо кIодо гьабизе райадминистрациялъул данделъабазул залалда данделъана учреждениябазулгун организациябазул хIалтIухъаби, жамгIиял гIуцIабазул вакилзаби, районалъул ополченцал, республикаялъул телевидениялъулгун радиоялъул ва миллиял газетазул журналистал.

Рохалилаб дандельи рагьана ва данделъаразда байрам баркана районалъул нухмалъулев Шамил ГIумаровас.

Дол августалъул кьоязул кьогIлъиялъул, Дагъистаналъул ва Россиялъул цолъи цIуниялъе гIоло Дагъистаналъул нухмалъиялъ ва районалъул гIадамаз гьабураб хIалтIул бицун кIалъазе вахъана гьол соназ районалъул нухмалъулевлъун вукIарав АсхIаб ГIабдуразакъов.

Гьес кIудияб кьимат кьуна гьоб заманалъ иш битIараб нухде ккезабизе кьеркьарал (гьанже нилъгун гьечIел, м.ч.) гIалимзабазе, къо тIаде ккедал милициялъул хIалтIухъабазда хьолбохъ рахъун чIарал районцоязе.

Жакъаги, дунялалда хIалуцин цIикIкIараб заманалда, районцоязул цолъи ва гъунки букIиналда ракIчIолин жиндирилан абуна АсхIаб ГIабдуразакъовас.

Чачаназулгун гьигъалъдерил гIорхъода хъачагъал руссине байбихьаралдаса 25 августалде щвезегIан гьигъалъдерил жамагIаталъ ва ополченцаз гьабураб хIалтIул бицана доб мехалъ гьигъалъдерил ополченцазул командирлъун вукIарав МухIамад ЗулхIужаевич МухIамадовас.



-Тушманасе районалде нух къаялъе кIудияб кумек гьабуна нилъер гIадамазул цолъиялъ ва гъункиялъ. Бергьенлъиялъе къваригIуна щулияб мугъчIвай (тыль), гьеб бихьизабуна нилъер гIадамазги. Гьоб заманалъ Гьигьалъ букIараб ОМОНалъул командир, Россиялъул БахIарчи Загьид Загьидовас абунин жинда бихьулеб бугин росдал халкъалъул кумек ва ВатIаналде бугеб халкъалъул рокьи,- ян абуна МухIамадица.

КIалъазе вахъарав районалъул администрациялда цебе гIуцIараб районалъул ополченцазул Советалъул нухмалъулев МухIамадхIажи ГъалбацIдибировас абуна цо-цо СМИязда 1999 соналъул августалъулал лъугьа-бахьинал 7 августалда Болъихъ байбихьанилан хъвалеб бугилан. Гьеб журналистазул гъалатI тарихалде ине бичазе бегьуларин абуна МухIамадхIажица.

Дандельиялдаса хадуб Дагъистаналъул гIолилазул ишазул, туризмалъул ва спорталъул министерствобазул вакилзабигун цадахъ районалъул нухмалъиялъ тIугьдузул горал лъуна 2-3 августалда ВатIаналъе гIоло рухI кьурал васазе райадминистрациялъул азбаралда ва



КIочIали «Дачаялда» рарал обелискazда цере.

**ГI. Малачдибиров**

«Дир хъизан-дир хъала»

# Гьолокь мугIалимзабазул руцIцIен

Дагъистан ккола миллат-мацIалъул рахъалъ кутакалда бечедаб улка. МацI - гьеб ккола бищун къуватаб тIагIеллъун, щайин абуни гьеб рахьдал мацI нилъехъе наслабаз наслабазухъе къун що-



леб буго. МацI гьечIони, гьечIо миллат. Халкъияв шагIир МухIамад АхIмадовас гIадада гуро гьал рагIаби абурал:

МацI кIочараб миллат молода лъола,
Малидул гIоркь кквезе чи хутIуларо...
ХутIараб кинабго гьадингояб жо...
Гьардарав БетIергьан, цIуне авар мацI!

МагIарулазул къадруяв инсан МухIу ГIалиевас абухъего жиндирго мацI лъаларев чи - гьев ккола талихI къарав чи. МагIарул мацI лъаларев чиясда лъаларо жиндирго тарихги, адабиятги, маданиятги.

Рахьдал мацI цохIо школалда анкьида гьоркьоб цо-кIиго дарсида малъун лъаларо, гьеб лъазе ккани, рокъоб хъизаналда гьоркьоб бицине ккола рахьдал мацI. Гьединлъидал, магIарул мацI цIуни гIемерисеб бараб буго хъизаналда.

МацI, миллат, хъизан ва гьелъул гIадатлъун билъарабщинаб цIуни мурадалда нилъер улкаялда исанасеб сон лъазабун буго хъизаналъул сонлъун. ГIедегIизе бегьуларо чияраб босизеги, гьеб къабул гьабизеги, нилъералдаса инкарги гьабун. Къисматалъ киве ваханиги, инсан инсанлъун хутIула гIагараб ракьалде бухьен бугебгIан заманалда. МагIарул гIадатазеги хилиплъулев, рахьдал мацIги цIарги цIунуларев чиясул чилъи тIагIула. Амма нилъ гьединаздаса гьечIеблъи бихьизабуна арал гIодоркьояз Шамил районалъул Гьолокь росдал рохьил расалъиялда тIобитIараб магIарул мацIалъул мугIалимзабазул санайилаб руцIцIеналда.

Дир хъизан-дир хъала» абураб девизалда хъизаналъул сон кIодо гьабун тIобитIараб руцIцIеналда гIахьаллъизе рес щвана цо чанго чиясдасан гIуцIараб нижер къокъаялъеги.

ГIурччинаб харица бацараб, цIанбитIараб берцинаб майдан, гьенисан речIчIулел гьуинал махIаз кинабго сверухълъиго кодоб босун бугилан кколеб букIана. БакI- бакIазда лъун машинабигун жидеего санагIатаб бакI балагьун, чадиразда рещтIун рукIана щибаб районалъул къокъаби.

Гьениб букIана бацIцIадаб магIарул мацIги, гьудулзабигун дандчIваялги, пикраби дандрайги, сухIмат-кепги, сверухълъиялдаго гIинда босун зурма-къолол гьаракьги, бежулеб чедги, махIберцинаб хурдузул чайги, цIадуда тIад релъулел хинкIалги. Къокъго абуни, гьениб камураб щибго букIинчIо. Балагьаразул ракI бохулеб ва чIухIулеб хIалалъ гIуцIун букIана тадбир. РуцIцIеналъул тIоцебесеб къоялъ рукIана табдир гIуцIаразул ва гьалбадерил кIалъаял, кучIдул, кьурдаби, районазул фольклориял къокъабазул цере рахьинал.

Бакъанидаса хадуб тIобитIана миллияб кванил нигIматазул къец. Щибаб районалъул жидеего хасаб кванил нигIматаз берцинго къачIан рукIана столал. Къец лъугьун хадуб, цере рахьана авар театралъул артистал ва кочIохъаби, цIакъ лъикIаб букIана кIудияб цIадуда сверухъ кечIбакъангун хIухьбахъи. Амма цодагьаб лахIзат бахъана лъалхъичIого бараб цIадалъ. ЦIалтун риччун рукIиналъухъ балагьичIого, рогьинегIан цIадуда сверухъ ихтилат - кепалда рукIана киналниги. ЦIумадисел гьалбал ва гьудул-гьалмагълъи хирияв рукIин бихьана гьениб. КIиябго къоялъ нижер сверухълъуде гIодор рукIине, хинкI бащад гьабизе рачIинчIел нагагьги хутIун ратиларин абуни, мекъи ккеларо дун.

КIиабилеб къоялъ сагIат 11 ялдаса нахъе байбихьана районазул къокъабазда гьоркьоб къецал, гьебго заманалда бокьаразе тIоритIулел рукIана спортивиял хIаял.

Квеш ккечIо нижер къокъаялъул церерахьинги, амма рес букIана жеги лъикI цере рахьине. Балагьараз лъикI къабул гьаруна кечI цIализе цее яхъарай Сасикь школалъул 4 классалъул цIалдохъан Аминат Хъиличова, кучIдул ахIарал Агъвали гимназиялъул цIалдохъаби, яцал Асият ва София ГIалимухIамадовал, МухIамад ХIанапов ва Мадина МухIамадова, некIсияб тIиндадерил кьурди гьабурал ГIабдула Зубаиров ва районадминистрациялъул хIалтIухъан ХIалимат АхIмадова. Жидерго кучIдул цIалана МухIамад Коратовас ва Зулейхат Мусаевалъ. ЛъикIаб къимат кьуна нижер церерахьиналъе композитор Каримула ГIабдулаевасги.

Циндаго бараб цIадалъ рес кьечIо киналго къокъабазе цере рахьине. БитIун бицани, цогидазул пикру дида лъаларо, кIочон толареб дандеруссин букIана, ниж кутакалда рази хутIана. РакIракIалдаса баркала загьир гьабизе бокьун буго руцIцIеналъулнухмалъулей БахуМухIидиновалъе, гьелъие кумекалъе аскIор рахъун чIаразе, авар театралъул артистазе, кьурдухъабазе, операторазе. Хасго кIудияб баркала нижее кIиябго къоялъ кумекалъе эхетерал ТIасаколо росдал школалъул директор МухIамадов МухIамадие, гьесул вац МухIамадов АхIмадие, Лъануб школалъул директор Шагьрудинов Шагьрудиние, гьесул лъади, гьебго школалъул завуч ХIасанова Зайнабие, авар мацIалъул мугIалим ГIисаев МухIамадие.

Ахиралда бокьун буго мацIги миллатги хирияв магIрулазе гьаризе сахлъи, ракълилаб ва талихIаб гIумру.

Дица дир ракьалъе, Дагъистаналъе,
Ракълилаб гIумругун, рекъел гьарула,
Рохел, аваданлъи, талихIаб яшав,
Дагъистаниязе гьарула дица.




ГIаданлъи, гьуинлъи, цолъи гьарула,
Гьудуллъи гьарула саву кколареб.
БотIрода рас рикIкIун гIумру гьарула,
ГIумру берцинлъизе сахлъи гьарула.

**Заира ГIалиева**



**Савдат ХIажиева**

**Савдат ккола ТIиссиса, гьаюна ва гIуна Хасавюрт районалъул Могилевское росулъ. Школалда гьелда мальичIо магIарул мацI. МагIарулазда цадахъ гIумру гьабулей йкIиналъ лъана магIарул кIалзул калам, амма хъвазе-цIализе лъалеб букIинчIо. Гьанже нахъа тIадчIун лъазабуна магIарулалъ хъвазе ва цIализе. Хъвала магIарул ва гIурус мацIазда кучIдул.**

**Гьанже хъизан-лъималгун гIумру гьабун йиго Франциялда. ЦIализе хьвадун лъазабуна франгмацIги.**

### Авар мацI

Дир ургъиса керен бухIулеб бугин,
Щай дида авар мацI, цебего лъачIеб?
ХIунчула дир рекIелъ пикру гьабидал,
Умумузул заман ракIалда щведал.

Заз- хъарахъги бухIун гьелъул цIа бакун,
Бакьги хьагиниб бан, хинкIал гьарулеб.
КватIун ккнин рокьи, мун тIаса лъугьа,
Дир рекIелъе къараб аваразул мацI.

### Щай рекерулел

Дир гIумрудул сонал гирулел ругин,
Кире гIедегIарал, щай рекерулел ?
Дида ирга щолин тIохде яхине,
Гирулеб замана лъалхъичIонани.

Анищал мугIрузда роржунел ругин,
Бащадал тIуразе гIеладай заман.
Хиялазул хIорал цIун ругин, гьудул,
Риччаге чвахизе цIай дудехун дун.

### Чараб гормендо

Воре мун чучуге, чараб гормендо,
Чалухал бераца гуккизе гурин.
Магъилъ басандулеб хъахIаб чуялде,
Чапар хадув витIун хъамизе гурин.

Берцинго парпалеб гьороде данде,
Бихьула эбелалъ букъараб гурде.
ЦIуне дуца гурде цIиябго букIун,
ГIолохъанго цIуне дурго яхI- намус.

БетIер гIодоб биччан, цее ялагьун,
Хьваде, магIарулай, къадруги цIунун.
Гьари буго дуда, дир мугIрул жайран,
ГIадалал пикраби риччаге ботIролъ.

### Унеб буго замана

Рекерулел къоял, боржулеб заман
Анкъи бекерула, моцI ун батула
МоцI гIедегIун анин, абун толаго
ЛъагIел ун батула, херлъун ратула

Хадуб гIунтIулареб, бекерун унеб
Чи хадуб гъолареб хехаб замана,
Лъалхъизе лъалареб гIедегIун унеб
Огь замана замана хехаб замана

ГIус баккун гIелалде михъал рижулин
Михъал кьурилелде хъахIлъун ратулин
Ихалъ хасел хисун хадуб рии щун,
Бакъ тIерхьун иналде рогьун батула

### Рикь-рикьарал нухал

Валагьуге диде сихIирал бераз,
Дур балагьи дие балагьлъун бугин.
АхIуге дие кечI, хьваге дий сарин,
Сири балеб бугин мун вихьаравго,

ЧIваге гьанже наку, гьедуге дие,
Дур хIилла-макруялъ гIорцIарай йигин,
ХIажат гьечIо гьанже рокьул бицине,
Чара хварал къоял гIемер рукIанин.

ГIела, гьудул, гIела, махсара гIела,
Ана гIолохъанлъи, ана аб гIумру,
Дур магIил гIораца хIор чIун батани,
Дир магIил ралъдада лъеданин гама.

Мун дир МахIмуд гуро, дун Муи гуро,
Гьанже нилъер нухал рикь-рикьун ана,
Дуе хъвараб дир кечI, ахIараб сарин,
ЩIорораб рекIеда бикIун те, даим.

**ЦIумада район гIуцIаралдаса -95 сон**

# Нилъ умумузе налъулал руго

Салам нужеда урхъараб гIагарал ва хириял дир ракьцоял! Баркула нужеда нилъер гIагараб ЦIумада районалъ 95 сон тIобай!

Район гIуцIаралдаса 95 сон аниги, росаби нилъер нус-нус соналъ цересел ккола.

Баркала гьал хъачIал кьурабалъ росаби ва кулабиги гIуцIун гIумру гьабурал, тарихги, берцинлъиги, гIаданлъиги, бахIарчилъиги цIунарал нилъер умумузе!

Жидерго бахIарчилъи ва гIаданлъи бихьизабуна гьез КIудияб ВатIанияб рагъдаги. 1999 абилеб соналъул августалъул къояздаги баянлъана гIагараб ракьги, ВатIанги, эркенлъиги цIунизе нилъер къуват, къвакIи ва кьвари букIин.

ТIабигIиял балагьал ккедалги бихьизабула цIумадисез цолъи ва бажарилъи.

Жакъа берцинго гIумру гьабулеб буго халкъалъ магIарухъ. Амма дагьал руго районалда хIалтIулел бакIал, ругелги дагь-дагьккун къалел руго, гьечIо заводазул ва фабрикабазул филиалал. ХIалтIизе бакI гьечIолъиялъ гIолилал гочунел руго гIатIиракьазде, шагьаразде, бесдаллъулел руго кулаби ва росаби. Гьеб буго пашманлъизе ккараб иш.

Дида ккола Дагъистанги Россияги цIумадиса байбихьулин, амма нилъер районалдехун тахшагьаразда ругел хIакимзабазул бербалагьи мукъсанаб бугилан ккола.

Буго дир рекIее къварилъи ккезабулеб цогиги ахIвал-хIал. ГIемерал пачалихъазде щвана дун, амма дида бичIчIуларо, щай магIарухъ магIарул мацIги, миллияб культураги, магIарул гIадаталги бокьулел дагьлъулел ругел? Щай нилъер росабалъ школазда магIарул кучIдулги ахIуларел, кьурдиги гьабулареб? Киб хъван бугеб ва лъица хIукму гьабураб магIарулаз инкар гьабизе кколилан магIарул кьалбаздасанги, гьезул борхалъиялдасаги абун?

Кире нилъ унел ругел гьетIараб нухги тIаса бищун? МацIги, маданиятги, адабиятги цIуничIони миллатги букIунаро. Миллат гьечIони сунде нилъ релълъунел? Нилъецаго нилъги нилъерабгоги цIуничIони, цогидаз нилъер къимат гьабуларо. Нилъ налъулал руго умумуз цIунараб цIунизе, нилъецаго хъасизе ккола нилъерго мугъ. Щай нилъецаго нилъ къварид гьризе кколел, щай мерхьулеб нилъерго мацIги, цIарги, маданиятгун адабиятги? Щай нилъеца нилъерго гIадатал хвезе толел? Киб хъван бугеб магIарулазе магIаруллъи рихизе ва кьогIлъизе кколилан абун?

Нилъеда тIадаб буго лъималазе лъикIаб лъай кьезе. ХIажат буго лъикI цIалулел студентазул, гIелмудул кандидатлъун ва докторлъун вахъарасул, районалдеги ахIун, къимат гьабизе ва баркала кьезе. Кутакалда вохарав вуго дун исана нилъер районалъул бетIерас школалъул медалистазе нус-нусазар гъурущ кьеялдаса. Дагъистаналда гьедин медалистал кIодо гьари жеги рагIун букIинчIо.

Нилъер руго машгьурал гугарухъаби, меценатал ва цогидалги рес бугел гIолохъаби. Гьездаса чIухIула нилъ, кIудияб баркала гьезие районалъе гьабулеб кумекалъухъ. Гьездехун буго дир гьари - нилъер гIолилазул машгьурал учительзаби, тохтурзаби, инженерал ва гIалимзаби рахъизе гIолилазе кумек гьабеян.

Гьединабго гьари буго имамзабаздеги. Светскияб гIелмуялъ ва технологиялъ цебе тIезабула миллат. ГIолилал рухIиябгун светскияб рахъалъ церетIей буго нилъер мурад, гьелда тIад хIалтIизе ккола киналго цадахъ.

**РекIелъ кидаго гIагараб районгун киназего сахлъи ва лъикIабщинаб гьарулев**

**ГIабдулхабирил МухIамад,** Москва шагьар

**Динияб бокIон**

# Ният бугони…

Нилъеца ралел паризаял какал, ккoлел кIалал рукIа, тIобитIулеб закагIат-сахI, борхулеб хIеж-гIумра букIа, гьединго, суннатал гIамалал, гIибадат, тIагIат - гьеб кинабго гьабула хирияб Аллагьасул калам Къуръаналда нахъги рилълъун. Гьединго, Аварагасул хIадисазда, мазгьабазул гIалимзабазул рагIуда рекъон.

Нилъеда тIадаб буго Аллагьги цо гьавун, Гьесул ХIабибги ритIухъ гьавун унго-унгояб къагIидаялъ лагълъи гьабизе. Гьеб гьабулеб мехалда Аллагьас къабул гьабиладай яги гьабилародаян хIинкъиялдаги, къабулги гьабун цIоб-рахIмат лъеялдаги (хьулалда) гьоркьор рукIине.

Гьелъухъ нилъее ажру сабаб гьабизе Аллагьасда тIадаб гьечIо, гьеб буго нилъеего гIоло гьабулеб гIамал. Аллагь вуго гIадлуги битIарав, рахIмат-цIобги гIемерав Гъафуру рахIим, бокьараб жо бокьухъе гьабизе ихтияр бугев нилъ рижарав Халикъ. Амма Аллагьас абун буго Жиндирго цIобалдалъун жазаъ гьабилин.

Хирияб Къуръаналда буго (магIна): «Иман лъурал гIадамал, жидеца лъикIал гIамалалги гьарурал, Дица гьез гьабураб гIадада хвезабуларо», - абун.

Амма гьабуралъухъ жазаъ гьабиледухъ гIамал, гIицIав Аллагьасе гIоло бугищин абун, пикру гьабизе ккола чияс.

Бугин ккани, щай нилъер щибаб как бай жамагIаталда гьечIеб? Гьабулищ щибаб къойил тавбу? Щай дунялалъул ишазда хадурги лъугьун, дин-гIамал гьаби хадусеб иргаялда букIунеб? Дунял тIалаб гьабизе нилъ кирего щола, амма Аллагьасул диналда хадур кире рахъунел? Хьвадулищ радал-къасигIаги мугIалимасухъе, дарс босизе?

Аллагь нужер ракIазухъ валагьула», - ян абун бугеблъиги лъалеб мехалда, гьабулищха нилъеца ракIбацIцIадго?

Гьарулел ишазулъ ният бацIцIадаб букIине ккола. Аварагасул машгьураб хIадисалда буго муъминчиясул гIамалал ниятaлда роцун къабул гьарулелллъун рукIунин абун (Бухари).

Цоги абун буго, чан гIамалин гьечIеб жиб бихьизе дунялалъул пишалъун ккараб, амма лъикIаб ниятaлдалъун гьабидал Аллагьасе бокьулеб, ахираталда кириги хъвалеблъун лъугьунебилан. Гьединго чан гIамал бугеб, жиб бихьизе ахираталъулаблъун бугеб, амма ният квешлъиялдалъун дунялалъул гIамалалде сверулеб.

Гьединлъидал кIочене бегьуларо щибаб гIамал гьабилалде бацIцIадаб ният букIине. Жеги, гIемер такрар гьабурабги буго, бугониги, радал тIаде рахъиндал ният гьабе щиб гIамал гьабуниги (сундаса цIунун чIаниги) гьеб Аварагасда нахърилълъун (Аллагьас гьабеян абураб гьабун, теян абуралдаса нахъе къан), гьесул суннат бугин абураб къасдалда. Гьедин гьабиялъул хIасилалда инсан лъугьуна кьоялъ гьабураб гIадатияб гIамалгицин гIибадатлъун лъугьаравлъун. Гьеб цIакъ кIвар цIикIкIараб ишги буго.

Аллагьас тавпикъ кьеги щибаб лъикIаб гIамал Гьев разилъуледухъ ракIбацIцIадго ихласалда гьабизе!

# Электронияб хъалиян

Хъалиян бухIиялъул заралги, диналъ гьеб бухIугеян абулеблъиги киназдаго лъала. Амма жакъа цIакъ машгьураблъун лъугьун буго электронияб хъалиян хIалтIизаби.

ГIемерав чияс гьикъулеб жоги буго электронияб хъалиян бегьулищин, исламалъ гьелда щиб абулебин абун.

Хъалиян бухIиялдалъун инсанасул ургьибе никотин ва цогидал заралиял загьраби ккола. Танхьил хъалиянaлдаги электронияб хъалиянaлдаги гьоркьоб батIалъи щибин гьикъани, гьебги добго загьру буго, амма дагьаб сихIирго, гьуинаб махI гьабун, гIадамал махсароде ккезе ургъараб.

Электронияб хъалиян къватIибе биччалел ва гьеб бичулел чагIазул мурад букIуна тамахьо бухIулел гIадамал ва гьанжего гьанже хъалиянaлде ругьунлъулел гIолохъаби тамахьоги тун жидер макърал электронияб хъалиян цIцIункIизе тIами, ай жидеего хайир щвезелъун.

Электрониябищ яги танхьилабищин абуни, цоялдаса-цояб квешаб буго гьеб тIолабго черхалъего.

Электронияб алаталда жаниб тамахьо букIунаро, амма гьелда жаниб хассаб лъамалъи букIуна ва гьеб токалъ хинлъизабун къватIибе бачIараб хIухьел цIцIункIула чияс ургьибе ва хадуб къватIибе пула.

ГIалимзабаз ва тохтурзабаз мухIканго чIезабун буго электронияб хъалиян зарал цIикIкIараб, рак ва цогидал унтаби лъугьиналъе сабаблъун букIин.

Танхьил хъалиян бухIизе бегьунгутIиялъе ругелщинал далилал электронияб хъалиян цIазе бегьунгутIиялъеги руго.

Гьелда жаниб исрапги, боцIи-мал хIарамаб дараналъе хIалтIизабизе бегьунгутIиги буго. Гьединго, электронияб хъалиян гьабизе, бичизе, баччизе, кинаб букIаниги гIахьаллъи гьелъулъ гьабизе бегьуларо.

Гьеб киналъего Къураналъул аятал, хIадисал ва цогидал далилал гьанир рехсезе хIажат гьечIин ккола, гIакълу бугесда бичIчIила.

**«Ас-салам» газеталдаса босараб**

# Би кьей-гIаданлъи ва рекIел лъикIлъи



Медицинаялъул кумек хIажатав чиясе би кьей кко-ла инсанасул гIаданлъи ва рекIел лъикIлъи бихьизабулеб гIаламат. Щибав чи вукIине бегьула донорлъун, гьеб буго ракIбацIцIадав, намус яхI бу-гев чияс инсанасул сахлъи цIуниялъе лъолеб къиматаб бутIа.

Лъазе ккола би кьеялъулъ кинабгIаги хIинкъиги, чер-халъе кинабгIаги заралги бу-кIунареблъи. Цо донорас лъаб-го чиясул гIумру хвасар гьабула. Гьеб ккола цогидазе гIоло гьа-булеб калам дагьаб бахIарчияб иш.

Гьединаб лъикIаб ишалъе мурадгун араб талат къоялъ районалде рачIун рукIана рес-публикаялъул би биччаялъул станциялъул хIалтIухъаби. Гьеб хIалтIи унеб буго республика-ялъул киналго муниципалите-тазда.

Радалго райбольницаял-де би кьезе рачIаразул кьадар цIикIкIараб букIана, амма за-



ман гьечIолъиялъ киназухъанго би босун бажаричIо.

Доноразда гьоркьор рукIана райбольницаялъул бетIерав врач Хайрул-Анам Дибирасу-лаев, райадминистрациялъул бетIерасул заместитель Хали-лула МухIамадов, районалъул депутатазул Собраниялъул председатель МухIамад Нур-мухIамадов, райбольницаялъул реанимациялъулаб отделе-ниялъул заведующий АхIяд АхIмадов. Гьединал тадбираз бихьизабула халкъалъул гьун-ки, патриотлъи ва гражданлъи-ялъулаб жавабчилъийилан абу-на райбольницаялъул бетIерав врачас, би кьезе рачIарал гIадамазул жигарчилъиялъул бицунаго.

**Райадминистрациялъул пресс-хъулухъ**

Эркенаб гугари

## МустафахIажил иргадулаб бергьенлъи

Гьал къояз Карачаева-Черкесиялъул Преградная станицаялда тIобитIана эркенаб гугариялъул рахъалъ гIолилазда гьоркьоб (U-24) Россиялъул первенство. Гьенив жиндирго цIайиялда фаворит-лъун вукIана дагьаб цебе гIолилазда гьоркьов Европаялъул первен-ствоялда бергьарав Гьигьалъа МустафахIажи Малачдибиров.



Дандиязе бергьине кинабгIаги рес кьечIого, 92 кг. цIайиялда гьес ккуна тIоцебесеб бакI.

Финалияб дандчIваялда МустафахIажица 8:4 хIисабгун кье-завуна чачаназул гугарухъан ЮсупхIажи Айдаев. Гьелда цебесеб ункъо дандчIваялъул лъабгояб лъугIизабуна заман щвелалдего. ЦохIо бащдаб финалалда ингушазул гугарухъан АхIмад Сакъа-ловгун гугарана гьев цIараб заман лъугIизегIан, ва бергьана 9:3 хIисабгун.

Гьеб ккола МустафахIажица исана босараб лъабабилеб бер-гьенлъи. Апрелалда 21 сонил гIумруялъул гIолилазда гьоркьоб Грозныялда тIобитIараб Россиялул первенствоялдаги ккуна гьес тIоцебесеб бакI.

**ТIалхIат ГIабдулбасиров**

## Нелегальный мигрант-2024

В целях стабилизации миграционной ситуации, оздоровления криминогенной обстановки в Цумадинском районе Республики Дагестан, повышения эффективности борьбы с нелегальной миграцией, на территории Цумадинского района с 20 по 29 августа проводится третий этап оперативно-профилактического мероприятия «Нелегальный мигрант» по выявлению и пресечению правонарушений в сфере миграционного законодательства Российской Федерации.

В рамках мероприятия иностранные граждане, работающие без разрешительных документов на осуществление трудовой деятельности на территории Российской Федерации, будут привлечены к административной ответственности. За привлечение к трудовой деятельности иностранных граждан без соответствующих документов работодатели несут административную ответственность. В соответствии со статьей 18.15 КоАП РФ «Незаконное привлечение к трудовой деятельности в РФ иностранного гражданина или лица без гражданства» влечет наложение административного штрафа на граждан в размере от двух тысяч до пяти тысяч рублей; на должностных лиц от двадцати пяти тысяч до пятидесяти тысяч рублей; на юридических лиц от двухсот пятидесяти тысяч до восьмисот тысяч рублей либо административное приостановление деятельности на срок от четырнадцати до девяноста суток.

Работодатели, привлекающие иностранных граждан для осуществления трудовой деятельности, должны оформить трудовые соглашения с работниками и уведомить в течении 3-х суток территориальные органы МВД. Продление миграционного учета иностранных граждан осуществляется при наличии разрешительных документов.

Проводимые мероприятия направлены на выявление работодателей, незаконно привлекающих иностранных граждан, пребывающих на территорию Цумадинского района с нарушениями режима пребывания, а также лиц, организующих незаконный въезд и пребывание иностранных граждан в Российской Федерации. Общие задачи населения района и миграционного пункта Отдела МВД России по Цумадинскому району заключается в том, чтобы вовремя среагировать на угрозы международно-террористических организаций и принятие мер соответствующего реагирования.

**И.о. начальника МП ОМВД России по Цумадинскому району А. Османов**

## БоцIуда биркаби рай нилъерго сахлъи цIуни ккола

РФялъул «О ветеринарии» абу-раб федералияб законалъул тIалабазда рекъон исана 1 марталдаса 1 сентяб-ралде щвезегIан бихьизабун буго чIегIер боцIуда биркаби разе.



БоцIул бетIергьанасда тIадаб буго ветеринарияб учреждениялъул хIалтIухъабигун цадахъ бихьизабураб болжалалда жиндирго боцIуда биркаби лъезе. Гьелъ рес кьола инсанасе ва боцIуе хIинкъи бугел рахунел унтаби тIиритIи гьукъизе.

ГIи-цIаназда биркаби лъезе ккола 2025 соналъул 1 сентябралде щвезегIан, хьванида - 2025 соналъул 1 марталде щвезегIан.

ХIурматиял районцоял, жигар бахъе нужерго боцIуда биркабиги лъезе, гьелъ рес кьола унтарабги сахабги боцIи батIа гьабизе. БоцIуда бахунеб унти инсанасдаги бахуна. БоцIуда биркаби лъей ккола нилъерго сахлъи цIуни.

**Администрация сельского поселения «сельсовет Хуштадинский» Цумадинского района**

## РАСПОРЯЖЕНИЕ № 10

**от 30 мая 2024г.**

О повышении размеров денежного вознаграждения лиц, замещающих муниципальные должности в муниципальном образовании сельского поселения «сельсовет Хуштадинский» Цумадинского района Республики Дагестан, должностных окладов и окладов за классный чин муниципальных служащих в муниципальном образовании сельского поселения «сельсовет Хуштадинский» Цумадинского района Республике Дагестан, исходя из которых определяются нормативы формирования расходов на оплату их труда

В соответствии постановлением Правительства Республики Дагестан от 24 мая 2024 г. №136 «О повышении размеров денежного вознаграждения лип, замещающих муниципальные должности в Республике Дагестан, должностных окладов и окладов за классный чин муниципальных служащих в Республике Дагестан, исходя из которых определяются нормативы формирования расходов на оплату их труда» Распоряжаюсь:

1.Повысить с 1 июня 2024 года в 1,5 раза размеры денежного вознаграждения лиц, замещающих муниципальные должности в муниципальном образовании сельского поселения «сельсовет Хущтадинский», должностных окладов муниципальных служащих в сельском поселении «сельсовет Хуштадинский», окладов за классный чин муниципальных служащих в муниципальном образовании сельского поселения «сельсовет Хуштадинский», исходя из которых определяются нормативы формирования расходов на оплату их труда.

2.Главному бухгалтеру Администрации сельского поселения «сельсовет Хуштадинский» внести соответствующие изменения в штатное расписание.

3.Настоящее решение вступает в силу с 1 июня 2024 г.

4.Контроль за исполнением настоящего распоряжения оставляю за собой.

**Глава сельского поселения «сельсовет Хуштадинский» А. Исмаилов**

БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич 2-52-44

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, Цумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул «Цумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, 1 «А»
Тираж - 1237
Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)

МакъалабазДа рехсарал хIужабазул, тарихазул бальгоълъи гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жавабчилъи авторас кьола.

Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ05-00434 от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты GoIostsumady@maII.ru